

Wacanen kanthi patitis!

Museum Sonobudoyo Yogyakarta

Museum Sonobudoyo dumunung ing sisih lor alun-alun Lor kraton Ngayogyakarta. Bangunan museum sing digagas dening Ir Th Karsten arupa sawijining omah joglo. Hangadeke museum Sonobudaya minangka adedasar budaya jawa, madura, bali, lan Lombok, sing kasebut Institut Jawa. Dene peresmian museum ditandani dening Candrasengkala "kayu winayang ing brahma budha".

Dumugi sakmenika, museum sonobudaya gadhah 42.698 barang simpenan ingkang diperang dados 10 bagian, inggih punika: barang geologi, biologi, etnologi, arkeologi, sejarah, numismatika, fitologi, keramik, seni rupa, lan teknologi. Barang - barang simpenan museum sonobudaya dipajang ing njaba lan njero bangunan. simpenan sing dipamerake ing njaba bangunan umume digawe saka watu.

Barang sing dipajang ing njero museum iku barang sing ora tahan marang kahanan, rereget, panas, lan uga kewan rayap. barang - barang sing dipajang ing museum kayata : (1) macem - macem karya seni kang digawe saka kayu lan pring; (2) macem - macem corak batik bebarengan karo alat kanggo mbatik; lan (3) barang kang digawe saka tembaga, emas, perak, lan wesi. dumugi sakmenika museum sonobudaya nyimpen 1.200 keris. sakliyane kuwi ana manuscript utawa tulisan nganggo aksara jawa lan basa arab uga bisa ditemokake.

kapetik saka buku ajar basa jawa kelas VI, Ari Yulianti, S.Pd tahun 2018.

I. Wenehana tanda ping (x) ing aksara A, B, C utawa D ing pratelan kang bener ing lembar jawab!

1. Bangunan museum Sonobudaya arupa omah
 - A. joglo
 - B. kampung
 - C. limasan
 - D. panggung
2. Budaya ing ngisor iki sing ora kalebu minangka adedasar hangadeke museum Sonobudaya yaiku
 - A. Jawa
 - B. Kalimantan
 - C. Madura
 - D. Lombok

3. Barang simpenan museum Sonobudaya diperang dados ... bagian
 - A. pitu
 - B. wolu
 - C. songo
 - D. sedasa
4. Barang simpenan museum Sonobudaya sing tahan marang kahanan rereget, panas, lan uga kewan rayap yaiku
 - A. wayang
 - B. keris
 - C. patung
 - D. batik
5. Barang – barang simpenan museum kang wujud tulisan nganggo aksara jawa lan basa arab uga diarani
 - A. manuskript
 - B. numismatika
 - C. fitologi
 - D. arkeologi
6. Gagasan baku paragraf 2 ing wancan Museum Sonobudoyo Yogyakarta yaiku
 - A. dumugi sakmenika, museum sonobudaya gadhah 42.698 barang simpenan ingkang diperang dados 10 bagian.
 - B. Barang - barang simpenan museum sonobudaya dipajang ing njaba lan njero bangunan
 - C. Barang simpenan sing dipamerake ing museum sonobudaya
 - D. Barang simpenan museum sonobudaya
7. Ukara baku paragraf 1 ing wancan Museum Sonobudoyo Yogyakarta yaiku
 - A. Museum Sonobudoyo dumunung ing sisih lor alun - alun Lor kraton Ngayogyakarta.
 - B. Dene peresmian museum ditandani dening Candrasengkala "kayu winayang ing brahma budha".
 - C. Bangunan museum sing digagas dening Ir Th Karsten arupa sawijining omah joglo sing diilhami dening arsitektur gaya bangunan masjid kasepuhan ing cirebon.
 - D. Hangadeke museum Sonobudaya minangka adedasar budaya jawa, madura, bali, lan Lombok, sing kasebut Institut Jawa.

8. Pilihèn ukara ngisor iki sing kalebu ukara katrangan!
- A. Museum Sonobudoyo dumunung ing sisih lor alun-alun Lor kraton Ngayogyakarta.
 - B. dumugi sakmenika, museum sonobudaya gadhah 42.698 barang simpenan ingkang diperang dados 10 bagian, inggih punika: barang geologi, biologi, etnologi, arkeologi, sejarah, numismatika, fitologi, keramik, seni rupa, lan teknologi.
 - C. ewadene, barang sing dipajang lan dipamerake ing njero museum iku barang sing ora tahan marang kahanan, rereget, panas, lan uga kewan rayap.
 - D. sakliyané kuwi ana manuscript utawa tulisan nganggo aksara Jawa lan basa Arab uga bisa ditemokake.
9. Ukara ing ngisor iki kang jumbuh karo paribasan "ngemut legine gula", yaiku
- A. Duryudana pengen duweni Negara Ngastina
 - B. Bocah ora gelem kerja nanging kepengen kepenak
 - C. Pak Murdi njaluk wuruk nganggo smartphone marang mas Sidiq
 - D. Pak lurah ora seneng marang wong kang akeh omonge ara ana tandang gawene.
10. Ing ngisor iki kalebu watake basa ing tembang, **kajaba**
- A. Ringkes
 - B. Entheng.
 - C. Angel dimangerteni
 - D. Gampang dimangerteni
11. Kota Yogyakarta dadi kembang lambe ing nusantara amarga budaya lan akeh papan sejarah contone museum.
- Ukara ing duwur sing kalebu tembung entar, yaiku
- A. Kota Yogyakarta
 - B. Nusantara
 - C. Kembang lambe
 - D. Budaya


12. Cacahing baris saben sapada tembang diarani
- A. Guru wilangan
 - B. Guru gatra
 - C. Guru swara
 - D. Guru lagu
13. Tembang macapat Ing ngisor iki sing duwe watak trenyuh, yaiku
- A. Maskumambang
 - B. Mijil
 - C. Sinom
 - D. Kinanthi
14. Sinau tembang macapat kudu ngerti panca gupita (lima rerenganing tembang), ing antarane ombaking swara. Ombaking swara uga diarani
- A. Cengkok
 - B. Luk
 - C. Gregel
 - D. Sengsem
15. Sawijine tembang macapat kang kadadean saka 6 gatra lan saben gatra ana 8 guru wilangan, yaiku tembang
- A. Pocung
 - B. Mijil
 - C. Kinanthi
 - D. Durma
16. Ukara sing duweni tembung entar ing ngisor iki, yaiku
- A. Aja medhot dalam anggonmu golek ilmu!, welinge bapak
 - B. Polisi menehi pengarahan marang pengendara sing medhot dalam
 - C. Akeh badut ing karnaval kang abang lambene
 - D. Mergo dawa tangane, Dedi seneng olahraga basket

Gatekno tembang ing ngisor iki, kanggo mangsuli pitakon nomor 17 – 19!

Mijil

dedalane guna lawan sekti,
kudu andhap asor
wani ngalah dhuwur wekasane,
tumungkula yen dipundukani,
Bapang den simpangi,
Ana catur mungkur

17. Tembung kang duweni teges ora umuk ing tembang dhuwur, yaiku
- A. Dedalane
 - B. Lawan sekti
 - C. Andhap asor
 - D. Dhuwur wekasane
18. Gatra papat nduweni guru wilangan lan guru lagu kang pada karo gatra
- A. Siji
 - B. Loro
 - C. Telu
 - D. Lima
19. Watak uwong kang jumbuh karo isine tembang ing nduwur, yaiku
- A. Ora wani ngalah
 - B. Seneng umuk
 - C. Menawa didukani dungkluk
 - D. Ora nyingkiri pepalang
20. Gatekna gambar wayang ing ngisor iki!



Asma lan kasatriyane yaiku

- A. Arjuna; Madukara
- B. Nakula; Bumi Ratawu
- C. Sadewa; Sawojajar
- D. Irawan; Yasarata

<http://m4y-a5a.blogspot.com/2012/09/---.html>

21. Perang Bharatayudha suwene ... dina
- A. Wolulas
 - B. Sangalas
 - C. Selikur
 - D. Selawe
22. Ing ngisor iki kalebu putranipun Prabu Abiyasa, **kajaba**
- A. Dhestharastra
 - B. Yudhistira
 - C. Pandhu
 - D. Yamawidura
23. Cita Bharatayudha iku nggambarake perange antarane Pandawa lan Kurawa anggone duweni Negara
- A. Ngamarta
 - B. Madukara
 - C. Dwarawati
 - D. Ngastina
24. Prabu Pandu jumeneng nata ing Ngastina ora suwe jalaran isih **timur** wis seda. Tembung timur tegese
- A. Tua
 - B. Bocah
 - C. Enom
 - D. Simbah
25. Gatekno pratelan pacelaton ing ngisor iki!
- Pak Wasita : "Apa bapak ana dalem, ndhuk?"
- Niken :
- Wangsulane Niken sing trep kanggo njangkepi pratelan pacelaton ing duwur yaiku...
- A. "Wonten, pak. Mangga kula aturi bapak."
 - B. "Wonten, pak. Ngapunten kula tilar sekedap."
 - C. "Wonten, pak. Mangga mriki kula panggihaken bapak"
 - D. "Wonten, pak. Mangga lenggah rumiyin, kula matur bapak."

26. wayahe mertamu sing trep yaiku wayah

- A. surup
- B. bengi
- C. esuk
- D. sore

27. Gatekno urutan mertamu ing ngisor iki!

- 1). lenggah menawi sampun dimanggakaken,
- 2). uluk salam,
- 3). ngunjuk lan dahar suguhan menawi sampun dimanggakaken,
- 4). bage binange,
- 5). matur keperluane mertamu,
- 6). pamitan.

Urutan mertamu sing bener yaiku

- A. 2 – 1 – 5 – 4 – 3 – 6
- B. 2 – 4 – 3 – 5 – 1 – 6
- C. 2 – 1 – 5 – 3 – 4 – 6
- D. 2 – 5 – 1 – 3 – 6 – 4

28. Nalika keperluane mertamu uwis rampung, sing ditindakake yaiku

- A. Metu saka omah
- B. Pamitan
- C. Bage – binage
- D. ngabarake keslametan

29. Gatekno pratelan pacelaton ing ngisor iki!

Bima : "Matur nuwun sampun dipunparingi ngampil. Rehdene sampun serap kepareng kula nyuwun pamit rumiyin."

Banu :

Wangsulane Banu sing trep kanggo njangkepi pratelan pacelaton ing duwur yaiku...

- A. "inggih, mangga kondur"
- B. "inggih mangga, nyuwun ngapunten."
- C. "inggih mangga, nderek kula konduraken."
- D. "inggih mangga, nderekaken kawilujengan konduripun."

30. Gatekno pratelan pacelaton ing ngisor iki!

Pak RT : “Ayo padha lungguh kene. Kok njanur gunung, kadingaren kowe sakloron teka mrene. Sakjane ana apa nak Roni lan nak Ratna?”

Tegese njanur gunung ing pratelan pacelaton ing duwur yaiku

- A. ora umum
- B. biasane
- C. kadingaren
- D. ora ngenah

31. Nalika mertamu lunguhe ora kena ..

- A. Pethakilan
- B. Jegang
- C. Jelalatan
- D. Pecicilan


32. Apa sing ditindakake nalika uluk salam ananging ora ona wangsulan

- A. Thothok-thothok lawang kanti mbaleni uluk salam
- B. Gedhor – gedhor lawang kanti mbaleni uluk salam
- C. Thothok – thothok saka jendela kamar
- D. Uluk salam kanti mbengok – mbengok

33. kyai purbonegoro menawa ditulis nganggo aksara jawa yaiku

A. 

B. 

C. 

D. 